

Écrit par Radio Atlantik

Mercredi, 17 Octobre 2012 21:54

---

Direksyon Pati Mouvman Revolisyonè Ayisen (M.R.A) di ayibobo pou tout popilasyon depatman Nò ak Nòdès, ak militan politik lòt depatman, ki deside pilonnen beton an nan mitan vil okap, pou reklame dechoukay Michèl Mateli, yon sitwayen meriken ki fofile kò l pou l chita sou fotèy boure palè nasyonal ak tit prezidan, alòske manman lwa peyi dayiti pa pèmèt okenn etranje vin dirije peyi Papa Desalin lan. Prensipal modòd manifèstan yo, se deboulonnay Mateli pou l jije, enpi kondane pou tout manti li bay pèp ayisen an, pou vòl, kòripsyón, pou fo paspò li fè sou non l kòmkwa se ayisen l ye, pou dekòstonbre li dekòstonbre tout enstitisyon nan peyi a, pou kay malere li kraze nan katye populè, pou planifikasyon l fè pou l kraze kay malere malerèz nan vil okap, pou lavichè ak ensekirite li kwaze sou kòtòf lèstomak pèp ayisen an. Si Mateli pa ta gentan chape pou l li, retounen nan peyi l , peyi etazini, tribunal Ot kou jistis nan sena ayisen an dwe prepare pou jije l, apre chanm depite a fin mete kòd akizasyon trayizon nan kou l, selon atik 185 ak atik 186 manman lwa peyi dayiti.

Pou konnyè a, se mobilizasyon manch long jiskaske Mateli dechouke. Etan done Mateli, sitwayen etranje, te pibliye plizyè lwa ak desizyon illegal, enkonstitisyonèl, tout lwa ak tout desizyon silayo anile dofis. Michèl Mateli gen posiblite kite peyi a, chape pou l li, ou byen l rantre dèyè bawo prizon. Nan ka vakans prezidansyèl la, Pati Mouvman Revolisyonè Ayisen M.R.A. fè pwopozisyon silayo:

- 1- Aplikasyon atik 149 konstitisyon 29 mas 1987 la, nan tout entegralite l ki di konsa: Sizanka plas prezidan an vin vid, pou nenpòt ki rezon, se prezidan tribunal kasasyon an ki monte prezidan pwovizwa republik la. Si plas prezidan tribunal kasasyon an vid, se vis-prezidan tribunal kasasyon an ki monte. Si plas vis-prezidan an vid, se jij ki pi ansyen an kòm jij tribunal kasasyon an ki monte. Asanble nasyonal la enstale prezidan pwovizwa a nan plas li, jan lalwa di sa dwe fèt. Jan sa ekri nan konstitisyon an, ak lwa elèktoral la, vòt pou elèksyon yon nouvo prezidan, ki va gen yon manda 5 lane, dwe reyalize 45 jou, pou pi ta, apre plas prezidan an vin vid.

Écrit par Radio Atlantik

Mercredi, 17 Octobre 2012 21:54

---

2- Abwogasyon Konstitisyon 1987 amande a, paske piblikasyon I te fèt nan total konfizyon ak ilegalite

3- Revokasyon 3 jij lakou kasasyon yo Mateli te nonmen ilegalman: Anèl Alèksi Jozèf, Kesnè Michèl Tèmezi ak Frantzi Filemon, paske Anèl Alèksi Jozèf gen plis pase 65 rekòt kafe sou tèt li, kontrèman ak atik 28 lwa 27 novanm 2007 sou estati majistrati a, ki pa pèmèt yon sitwayen ayisen gen non I figire sou lis nominasyon pou pòs jij nan lakou kasasyon, si I gen laj plis pase 65 lane. Anplis Mouche Kesnè Michèl Tèmezi ak Frantzi Filemon, pat janm gen non yo figire nan lis Senatè yo te voye bay Mateli pou chwazi yo kòm jij nan lakou kasasyon. Yo rive fofile gras ak konplisite ansyen Senatè Youri Latòti ak prezidan Sena ayisen an.

4- Nominasyon 3 novo jij nan lakou kasasyon selon atik 175 manman lwa peyi a, ki reklame se prezidan repiblik la ki nonmen jij tribinal kasasyon yo, sou yon lis twa (3) non, lachanm Senatè yo prezante I pou chak plas jij....

5- Nominasyon prezidan tribinal kasasyon an

6- Re-estale manb Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè (K.S.P.J.) a, apre konpletay li ak novo prezidan lakou kasasyon an.

Écrit par Radio Atlantik

Mercredi, 17 Octobre 2012 21:54

---

7- Revokasyon arete ki te nonmen ilegalman 6 manb Konsèy Elèktoral Prezidansyèl yo, paske atik 289 ak atik 192 manman lwa peyi a pa prevwa publikasyon arete nominasyon pasyèl manb Konsèy Elèktoral Pwovizwa ou byen Pèmanan

8- Mete kanpe yon Konsèy Elèktoral Pwovizwa Espesyal Tèt Ansanm pou organize eleksyon pou renouvele premye tyè sena a, ak eleksyon pou kolèktivite territoryal yo....

Viktwa final, se pou pèp organize, se pou pèp mobilize, se pou pèp solidè, ki pa janm sispann batay..... Moun ki sanble, se yo ki rasanble....

Pati Mouvman Revolisyòn Ayisyen (M.R.A.)